



E-HANDOUT MATA KULIAH  
PAKELIRAN GAYA POKOK II

## PERTEMUAN KE-13

LAKON  
“WAHYU PURBA SEJATI”  
(Pathet Nem)

PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN  
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA

**Keterangan:**

- **Gending Sampak, Dasakumara bangun memburu premadi terus mundur, melepas panah setiap mati hidup lagi.**
- **Tampil Kresna menerima kedatangan werkudara dan Anoman.**
- **Gending suwuk ada-ada jugag, dialog.**

**KRESNA:**

Yayi Werkudara kang prapta ngantri réwanda séta, ana wigati apa yayi....?

**WERKUDARA:**

Dikongkon mbarep kakangku supaya nggolèki Jlamprong, pituduhé kakang Hnoman sing wujud kethèk putih iki, jaré Jlamprong ana kéné.

**KRESNA:**

Dhimas Séna, mapan kepara nyata mara agé sawangen ingkang nedheng bandayuda kaé ora liya adhimu si Parta.

**WERKUDARA:**

Waaaaa, yèn ngono ambak kethèk nanging awas mripaté.

### **HANOMAN:**

Wah ... wah ... wah .., ning mbok ya aja njur kethak-kethèk ...

### **WERKUDARA:**

Wong nyatané kethèk ngono, banjur ‘kon ngarani apa? Jlitheng kakangku, malah kebeneran bisa ketemu karo kowé, marga aku duwé kasaguhan karo kakang Hanoman, supaya nanggung bisané katampa pasuwitané marang Jlitheng kakangku.

### **KRESNA:**

Hanoman, dhasarmu apa kowé teka kepéngin suwita karo aku?

### **HANOMAN:**

Gusti, ndadosa ing kawuningan, sanadyan kula punika réwanda, nanging ing nguni naté suwita gusti kula sawargi Sri Ramawijaya, labet panjenenganipun tuhu

sasanané sang Hyang Wisnu. Mila sasédané gusti kula, rumaos sampun kécalan pangayomaning gesang kula. Namung sawargi gusti kula naté paring dhawuh, ing tembé badhé manjanma naréndra ing Yadhawa, kula kadhawuhan ngentosi kang sarta tapa wonten wukir Kendhalisada. Ngantos pinten-pinten warsa anggèn kula ngentosi, éwa semanten dèrèng kabuktèn dhawuhing gusti kula. Mèh kémawon telas pangajeng-ajeng kula saéngga èsthining manah tan nyipta gesang, pepuntoning amung lampus. Dumadakan nembé katembèn kula karawuhan sang Hyang Bathara Bayu hameca menawi Sri Ramawijaya sesembahan kula sampun manjanma mring gusti kula ing Dwarawati. Mila èsthining manah kepéngin puruhita paduka ingkang sinuwun. Wonten srana ingkang prayogi labet kula pinanggih kadang kula anèm tunggil pangidhep mring sang Hyang Bayu, boten sanès ‘ri paduka pun yayi Séna. Malah kadugi nanggel anggèn kula kepéngin puruhita, ingkang punika borong ing ngarsa paduka ingkang sinuwun.

## KRESNA:

Miwiti mungkasi aturmu samendhang datan karempit, yèn pancèn mangkono gregeting atimu, ingsun kaduga nampa pasuwitanmu, waton kowé bisa nyingkiraké naréndra kang ngamuk kaé.

### **HANOMAN:**

Menawi namung menika kemawon, keparenga sakéca lenggah, kula ingkang sagah ngunduraken, menawi boten klèntu, punika satru kula lami nama prabu Dasamuka.

### **KRESNA:**

Hiya Hanoman mangsa bodhoa.

### **Keterangan:**

- **Gending Sampak, Anoman, Werkudara dan kresna dientas.**
- **Tampil dasakumara dan Anoman, gending suwuk, dialog.**